



Pou Piblikasyon Imedya: 17/11/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**45 JOU APRÈ DEPATMAN SEKIRITE ENTERYÈ A TE ELAJI ESTATI  
PWOTEKSYON TANPORÈ POU VENEZYELÈN YO, GOUVÈNÈ HOCHUL BAY  
NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU EFÒ OTORIZASYON TRAVAY POU MIGRAN YO AK  
MOUN KAP CHÈCHE AZIL YO**

***Yo deja fini plis pase 5,500 aplikasyon pou otorizasyon travay depi oktòb***

***Nan Nò Eta New York, yo depoze 716 aplikasyon otorizasyon travay ak 621  
aplikasyon TPS; prèske 90 pousan moun k ap chèche azil ki elijib yo deja depoze  
oswa yo nan pwosesis pou yo depoze aplikasyon TPS yo***

***Nan Vil New York yo deja depoze plis pase 4,800 otorizasyon travay ak 2,200  
aplikasyon TPS***

Gouvènè Kathy Hochul te bay jodi a yon mizajou sou aplikasyon estati pwoteksyon tanporè (temporary protection status, TPS) pou moun k ap chèche azil ak migran ki se Venezyelyen yo. Nan Eta New York, yo deja fini plis pase 2,800 aplikasyon depi lè kalifikasyon pou TPS la te [elaji](#) mwa pase a. Mizajou jodi a baze sou angajman 50 milyon dola Eta a ki egziste deja pou depo dosye ak sèvis legal, ke Gouvènè a te anonse nan mwa septanm lan. An total, yo deja fini plis pase 4,800 aplikasyon otorizasyon travay ak plis pase 2,800 aplikasyon TPS nan 45 dènye jou ki sot pase yo.

"Migran ak moun k ap chèche azil yo te vin isit la pou yo travay, epi nou ka rezoud kriz sa a lè nou fè yo jwenn travay ki estab ak yon lavi endepandan", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen te mande Administrasyon mwen an pou bay resous enpòtan ak sipò pou ede yon kantite migran ak moun k ap chèche azil posib pou jwenn estati travay legal. Nou gen plis pase 450,000 travay ki ouvri nan New York -- yon fwa yon migran oswa yon moun k ap chèche azil kapab travay legalman, yo ka kiteabri tanporè oswa otèl yo epi kòmanse yon nouvo lavi."

Biwo pou Nouvo Ameriken (Office for New Americans, ONA) Eta New York la te idantifye 805 Venezyelyen ki te demenaje nan otèl nan pati Nò Eta pa Vil New York. Tout manm gwoup sa a te jwenn konsèy nan men òganizasyon san bi likratif lokal ki gen kontra ak eta a epi prèske 90 pousan nan moun ki elijib yo deja depoze oswa yo nan pwosesis pou yo depoze aplikasyon TPS yo. Espesyalman, yo deja 621 aplikasyon TPS epi gen yon lòt 85 ki nan pwosesis la.

Gouvènè Hochul te asiyen Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwonmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) la, Basil Seggos tou pou kowòdone sèvis legal yo ak Vil New York. Eta a te idantifye lokal pou ekip federal la ansanm ak sèvis elaji ki sipòte atravè Vil New York. Sa bati sou travay k ap fèt nan Sant Éd pou Aplikasyon Azil (Asylum Application Help Center) ki finanse pa Eta a, ke Vil laap dirije.

**Sekretè Deta a, Robert J. Rodriguez, te deklare,** "Nou konnen nouvo vini yo vin nan peyi sa a pou amelyore lavi yo ak lavi fanmi yo, Kit moun yo ap chèche refij, yon pi bon travay, oswa yon kay ki an sekirite, Eta New York akeyi anpil jenerasyon moun ki respekte lwa nou yo epi k ap eseye gen yon lavi miyò. Biwo Nouvo Ameriken Depatman Deta (Department of State, DOS), te wè benefis pozitif ak kontribisyon migran yo fè nan kominote yo atravè Eta New York. Nan kad lidèchip Gouvènè a, Eta a ak Biwo Nouvo Ameriken an ak patnè li yo pral kontinye travay pou asire ke gen opòtinite pou tout moun."

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman an, Basil Seggos, te deklare,** "DEC fyè pou l jwe yon wòl entegral nan ekip milti-ajans Gouvènè Hochul la k ap ede migran ak moun k ap chèche azil yo tranzisyon pou jwenn fason pou viv ki an sekirite isit la nan New York. Anplwaye DEC yo se ekspè nan jere operasyon konplèks epi yo te kontan aplike eksperyans sa a pou ede migran yo reyalize rèv Ameriken an atravè otorizasyon travay, pwoteksyon legal, ak asistans travay."

**Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans lan, Jackie Bray, te deklare,** "Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, Eta New York deja fè entèkansyon epi li te pran pozisyon pou ede moun k ap chèche azil ki fèk rive fè sa yo kapab pou jwenn otorizasyon legal pou travay. Efò sa yo non sèlman benefisye chak fanmi ki jwenn pwoteksyon legal ak otorizasyon travay, men tou ede yo ede Vil New York retire presyon sou abri li yo lè yo ede migran yo viv poukont yo."

### **Preponn ak Kriz Migran New York la**

Gouvènè Hochul te idantifye otorizasyon travay kòm chemen pou sòti nan kriz sa a, ki pèmèt migran ak moun k ap chèche azil yo kite abri kontribyab yo finanse epi kòmanse viv poukont yo jan jenerasyon imigran yo te fè. Apre plizyè mwa defans Gouvènè Hochul ak yon gwo kowalisyon lidè politik, sivik ak biznis, Mezon Blanch lan [te anonse](#) plan pou akòde Eitati Pwoteksyon Tanporè a moun ki rive Etazini soti nan Venezyela nan dat oswa anvan 31 jiyè 2023; Vil New York estime sa a pral pèmèt plis pase 15,000 moun Venezyelyen jwenn estati travay legal nan 30 jou.

Anplis de sa, Gouvènè a te ogmante pèsònèl ak resous nan jesyon ka yo, pou ede migran yo ak moun k ap chèche azil yo ranpli dokiman ki nesèsè yo pou yo jwenn estati travay legal yo. Sa gen ladann [deplwaye](#) 250 pèsònèl Gad Nasyonal ki asiyen nan sèvis jesyon dosye apentan, yon pati nan yon deplwaman plis pase 2,100 pèsònèl Gad Nasyonal pou adrese sityasyon sa a k ap kontinye. Gouvènè a te deplwaye tou gwo resous finansye pou sipòte jesyon ka, ki gen ladan [38 milyon dola](#) pou vil la pou jesyon ka ak sèvis legal; 20 milyon dola yo te atribiye bay òganizasyon san bi likratif yo k ap

sèvi moun k ap chèche azil ak migran yo; 20 milyon dola pou ede Vil New York avèk yon [ogmantasyon dosye](#) atravè Health + Hospitals NYC; 10 milyon dola pou sèvis legal yo.

Gouvènè Hochul te dirije yon repons eta a ki solid fas ak kriz sa a. An jeneral, Eta a deja angaje 1.9 milya dola pou sipòte moun k ap chèche azil yo ak migran yo, enkli pou abri, transpò ak sèvis sosyal; Eta a fèk avanse 250 milyon dola bay Vil la pou rezon sa yo. Eta a ofri plizyè sit li posede tou, tankou ansyen Lincoln Correctional Facility nan Manhattan ak Biding 197 nan JFK Airport, pou itilize kòm abri; Eta a kouvri tou depans pou plizyè Sant Repons ak Sekou Ijanis Imanitè (Humanitarian Emergency Response and Relief Centers, HERRCs) nan Creedmoor Psychiatric Facility ak sou Randall's Island.

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418